# Men kijan pou w pwograme yon randevou nan Sant Resous Chofè a

1. Al gade nan https://www.portal.driverresourcecenter.tlc.nyc.gov epi chwazi lang ou vle gade sit la. Klike sou “Pwograme yon Randevou”.




2. Antre kritè pou kalifye yo pou detèmine ki sèvis ki disponib pou ou. Ante Nimewo TLC ou, Kòd Postal ou, ak 5 dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal ou epi klike sou "Verifye Kalifikasyon".



3. Chwazi sèvis ou ta renmen pwograme randevou pou li a anba chwazi sèvis. Chwazi lang ou pito a ak meni dewoulan an. Si ou vle nou konekte ou ak yon entèprèt pandan randevou w la chwazi "lòt" anba "Chwazi lang prefere". Klike sou "Suivan" apre ou fin fè toude chwa yo.




4. Chwazi lè ak dat pou randevou ou vle pwograme a epi apresa klike so "Suivan".



5. Antre enfòmasyon chofè ou ak enfòmasyon ki pi resan yo epi klike sou "soumèt".




6. Klike sou "Dakò" pou konfime randevou w la.



7. Si ou bezwen anile oswa re-pwograme randevou w la pou nenpòt ki rezon, ale sou [https://www.portal.driverresourcecenter.tlc.nyc.gov](https://www.portal.driverresourcecenter.tlc.nyc.gov) epi klike sou Anile Randevou.




8. Chwazi randevou ou vle anile a epi klike sou Anile Randevou.




9. Klike sou "Konfime Anilasyon" pou anile randevou w la.

